Sa w dwe konnen sou VIH

Ki sa VIH la ye?

Viris Iminodefisyans Imèn (VIH) atake sistèm iminitè kò a. Si li pa trete, li kapab mennen nan SIDA (Sendwòm Defisyans Iminitè Aki).

Kijan VIH la pwopaje?

Fè sèks san kapòt

Fè sèks san PrEP (medikaman pou anpeche VIH)

Pataje zegwi oswa sereng

Soti nan manman rive nan pitit pandan gwosès, akouchman oswa alètman



Transfizyon san ak san enfekte (trè ra jodi a)

VIH pa transmét pa:

Akolad oswa bo

Pataje manje oswa bwason

Itilizasyon ak twalèt piblik yo

Lè moustik mòde w

Ki sentòm VIH yo?

Okòmansman, ou kapab gen sentòm ki sanble ak grip oswa lòt viris. Premye sentòm komen yo enkli:

Tèt fè mal

Fatig



Doulè nan misk oswa jwenti

Gòj fè mal

Glann anfle

Lafyèv

Gratèl wouj

Ilsè

Pèdi pwa sanzatann

Konnen estati w – fè yon tès

Tès VIH gratis e konfidansyèl disponib nan Rhode Island.

Lè w jwenn estati VIH ou a byen bonè, sa sove lavi.

Tretman ede moun ki gen VIH yo viv lontan epi an sante.

Kisa yon tès VIH ye?

Yon tès VIH egzamine yon echantiyon san, saliv (krache) oswa pipi pou wè si w enfekte ak VIH.

Ki moun ki dwe fè tès VIH la?

Tout moun ki genyen ant 13 ak 64 ane dwe f è tès VIH la omwen yon fwa. Moun ki gen sèten faktè risk dwe fè tès la pi souvan. Pale ak yon doktè oswa yon pwofesyonèl swen sante sou konbyen fwa ou dwe fè tès depistaj la.

Poukisa mwen dwe fè tès VIH la?

Sèl fason pou konnen estati VIH ou se fè tès depistaj la. Si tès ou a pozitif, ou kapab pran medikaman pou trete VIH la, pou ede w viv lontan, an sante epi pwoteje lòt moun. Si rezilta tès ou a negatif, ou kapab pran mezi pou anpeche VIH.

Kijan sa fonksyone

- Sant tès yo ap asire konfidansyalite w anvan yo pran yon echantiyon san.
- Ou kapab fè yon tès rapid avèk yon echantiyon san yo pran nan dwèt ou sèlman. Sa pran 20 minit sèlman.
- Yo itilize tès rapid tankou yon zouti depistaj. Si yon tès rapid bay yon rezilta pozitif, ou bezwen fè yon tès san pou konfime rezilta yo.

Pri

Majorite asirans sante kouvri tès VIH yo. Anpil sant tès ofri tès gratis oswa a pri abòdab. Tcheke ak sant la pou plis enfòmasyon.

Ki kote pou fè tès la

- Jwen yon pwofesyonèl swen prensipal oswa yon klinik toupre w.
- Vizite Pwogram Tès 1-2-3 Depatman Sante Rhode Island lan (testing123ri.com) pou jwenn èd pou fè tès VIH la, Epatit C, ak enfeksyon seksyèlman transmisib.
- Jwenn yon tès VIH rapid gratis e konfidansyèl nan plizyè òganizasyon kominotè atravè Rhode Island.
- Kòmande yon kit tès VIH gratis pou fè lakay ou nan AIDS Project RI.

Pou aprann plis detay sou opsyon tès yo oubyen jwenn èd, pou jwenn swen oubyen kapòt, vizite health.ri.gov/youroptions oubyen tcheke aplikasyon RIghtToKnow la. Ou kapab rele Depatman Sante Rhode Island tou nan 401-222-5960.

Vi prive

Selon kote ou fè tès la, tès VIH yo swa anonim oswa konfidansyèl. Toulede kalite yo kenbe pi wo degre vi prive a.

Prevansyon se yon pouvwa

- Sèvi ak kapòt kòrèkteman chak fwa.
- Fè tès ou regilyèman. Aprann plis bagay sou moun ki dwe fè tès la nan health.ri.gov/hiv/hiv-testing
- Pran PrEP (konprime oswa piki ki diminye chans ou pou atrape VIH) si w an risk. Aprann plis nan health.ri.gov/prep.
- Pa janm pataje zegwi.

Li enpòtan pou w jwenn swen nesesè pou rete an sante. Si w gen kesyon jiridik konsènan dwa imigran yo pou yo jwenn aksè konfidansyèl ak sèvis swen sante, rele Dorcas International nan **401-784-8607**.

RHODE ISLAND DEPARTMENT OF HEALTH

DORCAS INTERNATIONAL
INSTITUTE OF RHODE ISLAND